



Pou Piblikasyon Imedya: 30/06/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GAYAN SENKYÈM TOU YO POU MOTIVASYON 'PRAN VAKSEN AN POU ASIRE AVNI W.'

**Gayan yo resevwa bousdetid konplè swa nan yon Kolèj oswa Inivèsite SUNY
oswa CUNY**

Yo Anonse Gayan dènye tou final la

Gouvènè Cuomo te anonse jodiya gayan senkyèm tou pou motivasyon 'Pran Vaksen An pou Asire Avni W' ki genyen yon bousdetid konplè nan yon lekòl SUNY oswa CUNY. Gayan yo resevwa bousdetid konplè pou nenpòt kolèj piblik oswa Inivèsite nan New York, ki gen ladann frè eskolarite, chanm ak pansyon, epi depans yo. Eta New York te administre tiraj aleyatwa a epi seleksyone 10 gayan chak semèn pandan senk semèn. Yo anonse gayan final yo. Fon federal pou sansibilizasyon ak sekou COVID-19 la pral svi pou kouvri depans nan pwogram ankourajman pou vaksinasyon an.

Gouvènè Cuomo te deklare "Pran vaksen an se kle pou nou rive detwi COVID-19 avèk siksè epi pou n restore ekonomi an, e motivasyon ekstrawòdinè sa a pou jèn yo nan eta a te ede nou vaksinen anpil moun nan tout New York. "Opòtinite sa a ki chanje lavi te ede nou gaye pawòl la nan yon milye demografik ki enpòtan - moun laj 12 a 17 lane yo—sou enpòtans ki genyen nan pran vaksen an. Mwen felisite gayan semèn sa yo epi nou pa ka tann pou n wè yo k ap pwospere nan eta nou a."

Gayan senkyèm tou yo se:

- Yueqi Diao, Konte Broome
- Christopher Tejada, Queens
- Sawyer Pineda, Konte Westchester
- James Robinson IV, Konte Cayuga
- Ben Leshner, Konte Westchester
- Amaya Thalappillil, konte Nassau
- Bryce Chua, Queens
- Paige Geary, Konte Monroe
- Talia Campbell, Konte Westchester
- Kailey Annesi, Konte Monroe

Chanselye SUNY an, Jim Malatras, te deklare, "Nou kontinye ankouraje jenn moun nan popilasyon an pou yo reyalize avantaj ki genyen nan pran vaksen an pou nou ka

retounen nan lanòmal nan Eta New York ak tou sou kanpis nou yo. Inisyativ 'Pran Vaksen an pou Asire Avni w' la kontinye ede nou avanse pou nou rive atenn objektif sa a. Nou felisite gayan senkyèm tou ki resevwa bousdetid sa yo pandan n ap prepare pou akeyi yo nan kolèj oswa inivèsite SUNY yo, epi pou nou ofri yo yon kalite edikasyon siperyè."

Chanselye CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare: "Felisitasyon pou gayan senkyèm tou 'Pran Vaksen an pou Asire Avni w' ak tout gayan yo ki jwenn bousdetid deja. Nou rekonesan pou jan de pwogram inovan tankou sa a pou ede jèn Nouyòkè yo pran vaksen, pou ede akselere retablisman vil ak eta nou an. Nan CUNY, elèv sa yo pral jwenn ladrès ak devlopman pwofesyonèl yo bezwen pou fè pati mendèv ki trè kalifye ki pral enpòtan pou relans ekonomik rejyon nou an."

Prezidan Kòporasyon Sèvis Ansèyman Siperyè Eta New York (New York State Higher Education Services Corporation) Ian, Dr. Guillermo Linares, te deklare, "Felisitasyon pou gayan senkyèm semèn yo epi pou tout 50 lòt yo ki benefisye yon bousdetid konplè! Non sèlman se yon opòtinite pou chanje lavi pou anpil nan yo, men Motivasyon Bousdetid pou Vaksen an 'Pran Vaksen an pou Asire Avni w' la te jwe yon wòl enpòtan nan ankouraje jèn ki genyen ant laj 12-17 lane toupatou nan Eta New York pran vaksen an epi ede sispann gaye kowonaviris la. Yon gwo mèsi a Gouvènè Cuomo poutèt li mete sou pye pwogram sa a pou ede nou konbat COVID-19 la."

Depatman Sante Eta New York ak Sèvis Kòporasyon pou Edikasyon Siperyè Eta New York yo te verifiye estati vaksinasyon gayan yo.

Gayan yo ap resevwa jiska kat ane etid a tan plen pou bakaloreya ki gen ladan eleman sa yo:

- Frè eskolarite: Yon kantite lajan ki egal a frè eskolarite nan Eta a oswa nan tarif frè eskolarite nan City University of New York la.
- Frè pou depans ki pa lye a ekolaj la: Chanm ak pansyon ak alokasyon pou frè, liv, founiti ak transpò jiska pri ansèyman an koute nan kolèj SUNY oswa CUNY.

Gen plis enfòmasyon sou ki kote pou resevwa vaksen COVID-19 la, oswa pou pran yon randevou, ki disponib [la a](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)